Henggè, o ,babo, gagap bangoen, o ,kataman hasmaratantra, o , babo, tyas kaloengloe, o , haneri sang retna swara, o , babo, tyas kaloengloe. o .

Henggè, o ,babo, toemamèng djro, o , tilam moewoes manoebara, o ,babo, tjitra bawa, o , panengran peksi tidarsa, o ,babo, tjitra bawa. o .

Henggè, o ,babo, haksamanta, o , jaji marang dasihira, o , babo, najènggita, o ,timanontra ing ngaldaka, o , babo, najènggita, o ,mendak nembah ngèstoepada. o .=-----o0o----- =

----------o0o0o0o----------

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

= Poenika kagoengan dalem serat P a s i n d è n

E d a j a E b a r - L a j a r =

----------000----------

= . O . = Henggè, o , woes boesana, sangretna ngambar koema - la, o ,lamoen tinon sangajoe lir-,pèndah prija, o ,lamoen ti- non sangajoe lir-,pèndah prija, o ,hanjoeriga doewoeng pitoe-, roening dèwa, ,kang hroenira ing ngampil kanan kèringnja. O . Henggè, o , jèn sinawang, sangsaja hagawè brongta, o ,liringi - ra lir, metjat joeswaning sama, liringira lir,-metjat joe- swaning sama, o , katon sama, samining wanita mijat, o ,pjoeh tyas lir wa-,nodya myat prija hoetama. O .

Henggè, o ,soemrek kang swa,-ra wadya ba,-la batata, o ,warna warna, ning panganggè,-nè kadya ta, o ,warna-warna-,ning pa- nganggè,-nè kadyata, o ,ingkang sekar, setaman kang, lagya handjrèh, o , kasorotan, dènè sang hyang, giwangkara. O .

Henggè, o , moeroeb moebyar, boesanane, wadya koswa, o ,lang- koeng hasri, jèn tinon sang-,king mandrawa, o ,langkoeng ha- sri, jèn tinon sa-,king mandrawa, o ,tiha tjalarèt, kenjaring sen-,djata lanang, o , ingkang wadya, pipilijan, kawandasa. O .

Henggè, o , kawandasa, kelangkoeng ha,-joe hoetama, o ,sadaja pra,-samya prawi,-- ra hing joeda, o , sadaja pra,-samya pra- wi,-ra hing joeda, o ,para poetri, woes samya moeng,-gèng ing koeda, o ,Sang najaka,-ning ngajoeda, kèn tengara. O .

Henggè, o ,sigra boedal, kang wadya ba,-la goemoeroeh, o ,kre- beting la,-joek labbingban, dèra badak, o ,krebeting la,-joek labbing ban, dèra badak, o ,tekap moeha,-ra palwagya, woes soemekta, o ,hambyoer hombak, hing samodra, gra goemita. O .

= Soewoeq, ladjeng hawis-hawissan. =

henggè, woes halajar, pradjoerit ngam,-bar koemala, o ,gè ti - ningalan, koemendoeng ken-,doeng lajarè, bandèra koe,-melap hasri, lir ngawèja, kamoeratan, palwa loema,-rap lir kilat, sangabrangti, moelat pagoet,-ting mandaja. O .

Henggè, boebagra ka,-giri gora, gra hanimpar, hangoen-angoen, kepyoering ngong,-ga soemawoer, pan pepantan, lir naja pri,-

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ja hangsoeng sih, tekap ngoedjoeng, daratan wa,-dya goemoeroeh, jwantennodya, tepining lang,-ngen dinoeloe. O .

Henggè, hènggèr wano,-dya moelat sri,-ning koesoema, haroem pasang, ngrempajakka,-dya pinatoet, denta kase,-la srining kang, poetjang raras, loemrang wreksa, rimoenggèng se,-laga sanya, myat kang pisang, tatar lir toen,-djoeng karo. O .

= D a w a h =

Henggè, panatata, lampahing wa,-dya goemoeroeh, henggè, moenggèng papan, kang wadyaba,-la melatar. O .

Henggè, sang najaka,-ning joeda woes, nata wadya, henggè, mahan sang ra,-dja poetra konda, boewana, woes hangrasoek, boesana sang, toenggoelingprang. O .

Henggè harasoekan, baloedroewi, dis rinènda, henggè halantjingan, tjindè boenton, pinarada, hanjoeriga, doewoeng wasi,-jat pitoeroen. O .

Henggè, hamakoeta, pinatik hin,-ten sesotya, henggè, kinèn boedal, kang wadya tan,-pa wilangan, rangoe rangoe, tedak saking, pontja niti. O = Ladjeng Ladrang tedaq saking =

henggè, babo, tinengaran, kang wadya boe,-dal soemahap, ,
babo, tinon saking mandrawa ke,-langkoeng hasri, , babo.— .
henggè, , babo, srining saking, warna warna, hingkang bala, ,
babo, handeling prang, pradjoerit mon,-dra prawira, , babo.—.
henggè, babo, woloengdasa, pinangkoe moeng,-gèng ing ngarsa, ,
babo, sikep panah, toer wadya dinoelang mangap, , babo.— .
henggè, , babo, hatmèng radja, sadaja soe,-ra prawira, ,
babo, jèn sinawang, warnanè boe,-sanèng wadya, , babo.— .
henggè, , babo, pinda poespa, madya wegar,-ring ngoedjwana, , babo, kelabingkang, hoemboel-hoemboel, lan gandèra, ,
babo.—.
~~Henggè~~ ,
henggè, , babo, tinon kadya, ngawè moengsoeh, ngadjap joeda, ,
babo, toenggoelingprang, linoeting was,-tra koemelap, ,
babo.
henggè, , babo, resminingkang, pininda was,-tra sangbrangti, ,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

babo, djaladara, manggeng hasri, moenggèng tawang, ○, babo. Henggè, ○, babo, resminingkang, hapinda hoe,-kel sang brangti, ○, babo, myang soedama, mangrenjep re,-njep koemepjoer, ○, babo.

Henggè, ○, babo, tjiptanira, sang pinda la,-jon karoeroeh, ○, babo, sang pramoedyèng, djoerit kekap,-ping pajoedan, ○, babo.

Henggè, ○, babo, nata bala, radja poetra, ngandika roem, ○, babo, dènprajitna, kelawan soe,-rating ngrana, ○, babo.

Henggè, ○, babo, poma poma, lawanana sawetara, ○, babo, jèn kongsija, roesak wastra,-nè kalawan, ○, babo.

Henggè, ○, babo, temah papa, sapa kang nan,-dang brangtanè, babo, jèn dèdèja, poetra hing kon,-da hoewana, ○, babo.

Henggè, ○, babo, joenajoenan, nging gegreg dè,-rèng ngajoeda, ○, babo, mendaq nembah, wangwang hoemi,-jat Sangnata.

= S o e w o e q K a t a w a n g =

Henggè, ○, sang najakaning prang hanereken wadoe, ○, soera prawira kalihnja rowang lawan, ○, datan wangwang, doemadya tjampoeh kang joeda. ○.

Henggè, ○, ramèning prang, kadya hombaking samodra, ○, sami wadya, warek dana sihing goesti, ○, hatemahan, nirbaja tanpa wikara. ○.

Henggè, ○, koemelap ke,-njarring astra lir tidarsa, ○, kang pradjoerit, kawandasa mentang hroenja, ○, gya hing ngembat, moelat mring sang radja poetra. ○,

Henggè, ○, para poetri, kawandasa larasmara, ○, tjapè kang hasta hroe tiba sang najaka, ○, -ning dyah moelat, hing wadya sigra hoemangsah. 0=0-----o0o-----0=0

= L a d j e n g S r e b e g a n . =

Henggè, toemempoeh hing liringira, lir tatit toemibèng djadjadja, bendara, henggè, ~~kalih~~ kalih tan padja moega, myang nijakèng prang waskita, babo, hangling sadjroning wardaja, pradjoerit ngambar koemala, babo, soen sidep doedoe wanoedya, wong ajoe haminda prija, babo, sang radja poetra semana, miraga molahken koeda, babo.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

henggè, bramantya sang lir koesoema, soegal widjilèng wetja-
na, bendara, henggè, pradjoerit saparanira, maralah gya te-
kakena, babo, prawiramoe hanèng ngrana, dja pidjer holah
tenaga, babo, mardah soen toemibèng djadja, nahoeri sang
radja poetra, babo, kawoela goesti tan sedya, praptèng ngra-
na jèn aprang, babo.

henggè, mila koela praptèng ngarsa, njaosi karsa handika,
bendara, henggè, poen kakang goesti soemongga, kang hanèng
hing ragamara, babo, tan ngraos lamoen darbèja, raga djiwa
katoer dika, babo, mekatiq sedya ngawoela, marang sang mirja
soepraba, babo, sang dyah pan sareng mijarsa, bramantya mo-
lahken koeda, babo.

henggè, kang haran ki habrapoespa, hoelessè dawoeq taroena,
bendara, henggè, jitna sang nijakèng joeda, kinetap toerang-
ganira, babo, hadangoe moebeng kalihnja, sigra moesti kang
sendata, babo, toer pitoeroen saking dèwa, moeroep poetjoeq-
ing tiq swara, babo, sang radja poetra ngling nala, panah-
ingsoen tadahana, babo.

henggè, mijatani jèn toemiba, dadya sang radja pinoetra,
bendara, hinggè hing joeda semoe ngoetjira, hing nala langkoeng
prajitna, babo, sang dyah retna moestisara, loemepas lir
pindah wreksa, babo, nging tibanè nganan ngiwa, tan ana
ingkang mijata, babo, pegel tyassè sang koesoema, dènè sa-
ra tan toemiba.

henggè, hangling pan semoe karoena, pradjoerit kondaboewana,
bendara henggè, kaja doedoe trahing radja, wedija poetjoeq-
ing warastra, babo, mèsem, ngling radja poetra, boten jèn
koela hadjriha, babo, nadahi doeka pandoeka, poen kakang
goesti soemongga, babo, leboeren manising nàtya, mring
sang ratoening wanoedya, babo.

henggè, nging goesti jèn ingsoen lina, dja lija ingkang ngoe-
koepa, bendara, henggè, koenarpèng soen hanèng ngrana, lija-
nè saking handika, babo, sang dyah mèsem hing wardaja, gi-
wang manahè sekala, babo, tjoè kang hasta hroennira,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sangsaja nora toemiba, babo, mrepeki sang radja poetra, sep-
dane lir goeladrawa, babo sang dyah retna loentoer sihnja,
mring sang najakaning joeda.=o=0----------o9o----------0=o=

----------oooooooo----------

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

=o=O=o= **Poenika** pasindènipoen kagoengan dalem

E d a j a P a n g k o e r =o=O=o=

----------oOo----------

Pangèran Èèhi kawarna, harsa sowan hing djeng Srinara Pati, haboesana kabramoercep, kampoeh gadoeng rinoekma, hapaningset rènda pita radja soenoe, lantjingan tjindè poespita, pan rinènda kentjana di. O .

Hardja koeloeq, o , bartji kresna, pan kinanmè, gara kentjana hadi, o , kinantjingin kroeda moengkoer, tjoendoeq serat sesotya, pan patedanira Kangdjeng Sangapraboe, hasangsangngan soengsoen retna, kilat bahoe sarpa sari. O .

Kasekar mas tinembara, pan sinawoer poespita retna hadi, ngagem binggel hasmarèng roem, singsim retna bartèjan, hardja doewoeng patedanira sang Praboe, toja tinaban kang nama, boerat pandi handon resmi. O .

Sampoen hangrsoek boesana, lir hardjoena, o , sangking ngèndraloka di, toehoe kelamoen binagoes, menggep nitih toerongga, kinradasih bopong pantjal ingkang woeloe, halarap baloedroe djingga, palisir tjindè wratsari. =O=,,,,,---,,,,=O=

=O=$= Soewoeq, ladjeng arang-arangan.=$=O=

Hèndjing tedaq pangran nangkil, o , hendo boepatjara moenggèng ngarsa, katjoemas koetoeq lantaran, katjoemas koetoeq lantaran, o .

Kendaga badak nèng ngarsa, kendaga badak nèng ngarsa.

=$= M i n g g a h =$=

Bawat penoeroeng nèng ngarsa, , medaq.

Sampoen prapta pagelaran, lampahè sang narpa poetra, sang narpa poetra, o . Minggah.

Agengleng tjengeng pra dipatya, leleng moelat hoedjwalanja, O , Medaq.

Sowan kangdjeng srinarèndra, sowan kangdjeng Srinarèndra. o .

Medaq .

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

hing ngawè madjeng wot sekar, hing ngawè madjeng wot sekar. ○.

Sang Nata kelangkoeng soeka, Sang Nata kelangkoeng soeka,

ningali Sang Radja poetra,

=$= L a d j e n g L a d r a n g =$=

Henggè, ○, tèdja warna wong ngakoening hanggèr, ○, hendo baja dika dèwi ratih, dèwi ratih, nitisna sri Ngajoegya, wong ngajoe.

Henggè, ○, goestiningsoen ngawoela hanggèr, ○, hendo liringira, ○, gawè brangti ○, kang hapinda dèwi Soepraba, ○, koesoema.

Henggè, ○, lajonira ngroeming sari hanggèr, ○, hendo sarining retna djoewita, ○, sarining woelan poernama, wong ngajoe.

Henggè, mideringrat tan amanggih hanggèr, hendo dyah sinamboet, soen teteda, wong ajoe hangoen toeroeta wong ajoe, wong hakoening.

Segaran.

=$= Soewoeq ladrang ladjeng boeka Ketawang =$=

Madeg sang Ragoetama, ○, madeg sang ragoetama, ○, wangwang, ○, ta hoemangkat sigra, ○, wangwang, ○, hoemangkat sigra. ○.

Minggah.

Kella, ○, -wan sahananing kang, ○, kelawan sahananingkang, ○, bala, ○, sinangkang hoesana, ○, bala, ○, sinangkang hoesana. ○.

Sese, ○, -kar garoedoeg madeg, ○, sesekar garoedoeg madeg, ○, sahhan, ○, nannja wadya hoemyoeng, ○, sahhan, ○, nanja wadya hoemyoeng. ○.

Prawi, ○, ra gambira laja, ○, prawira gambira laja, ○, prapta, ○, sang najakèng joeda, ○, prapta, ○, sang nijakèng joeda. ○.

Giri, ○, lorrè lengka poera, ○, giri lorrè lengka poera, ○, giri lorrè lengka poera, ○, goenoeng, ○, byar raramyang ramyang, ○, goenoeng, ○, byar raramyang ramyang. ○.

Kètang, ○, garwanè kang moertja, ○, kètang garwanè kang moertja, ○, manga, ○, -deg soeraning drija, ○, mangadeg soeraning

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

drija.O.

Mènèq, a ,tambaq naga boemi, o ,mènèq tambaq naga boemi,o ,

setya,o ,tamyanggèng samodra.O .

Kyèha, o ,-noeng mati swaragni, o ,datan paljan lepda djiwa,o ,

datan, o ,paljan lepda djiwa.O.

Tèmbak, o , giriwara kabèh, o ,tèmbak giriwara kabèh, o , sang-

ra, o ,-goetama sinembah, o ,sang ragoetama sinembah. O .

Lengleng,o ,moelat ing samodra, o ,lengleng moelat ing sa-

modra,o ,bebeg,o ,lir giri prewata,o ,bebeg lir giri pre-

wata.O.

hingkang,o ,Narèndra loemajwa,o ,hingkang Narèndra loema-

jwa, o , hombak, o , hapan loemèmbak,o ,hombak,o ,hapan loe-

mèmbak.O.

Kang dje, o ,-ladri panabekan, o , kang djeladri pan kèbekan,o ,

boega,o ,gra goemiwang kara, o ,boega,o ,gra goemiwangkara. O .

= $ = $ =Soewoeq Pangkoer ladjeng lagon. = $ = $ =

----------oOoOo----------

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Pasindèn Èdaja Narèndra hasmara, gending Megatroeh, boeka rebab, laras barang, hawit sindèn 3 gongsa.

Gè, sampoen boesana pangantyan, maha Kangdjeng Sriboepati, ngardja kampoeh parangroesak, o , linoeting pa,-rada hadi, paningset rènda binara.o .

Gè, merloeloet beg retna habra, koeloeq bartji sèta moenggoeh, memoendri retna hèr tatit, o ,tjoendoeq petat, sinotya, sesoemping mangkara roekma, o .

Gè, sangsangan soengsoen pinatiq, hatrap retna hèr mandaja, binggel linanadja moerti, o , kelat bahoe sarpa radja, katga poesaka Narèndra, o .

Gè, lantjingan tjindè poespita, pinarem mas beboenton hasri, ting pantjoerat ting pelantjoer, o ,tempoeq lan hoedjwala hadji, dasar bagoes sriboepati.o .

Gè, tjahjèmbah hoedjwala wingit, leleng kapileng kang doeloe, ing tyas sami brongta kingkin, o ,katah jèn rinenggèng konda. kang sami kasmarèng galih.o = =o$o=o$o= =

= G o n g s a d a w a h. =

Minister woes malbèng poera, saqbangsanira tan kari, marek Kangdjeng Sangapraboe, tandya hatoer tabènira, o , babo, sagoeng para babo, kantoen hanèng, babo, bangsal roekma, Minister doeq myat sang Nata. o .

Langkoeng troestanirèng kalboe, tan wingwang kang rama ngoeni, Kangdjeng kang Sinoewoen Radja, o ,toehoe sigit respati , o ,babo, Minister gya, babo, prèntah metoeq, babo, wring pangantèn, poetri wahoe hingkang metoeq.o .

Djeng Katoe hageng prijongga, woes soemahap ingkang dèrèq, myang titijan kang djempana, djoli titijan pra poetri, o , babo, mangkat midjil, babo, sangking poera, babo, hing marga da,-tan winarna, sampoen prapta. o .

Kapatijan Radèn Adjeng, pangantèn sampoen soemekta, soembaga

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

di sarwa retna, myang roekma hasri dinoeloe, o , babo, tan koetjiwa, babo, lamoen badè, babo, garwa Nata, goemebyar pating karetap. O .

Lir lintang wra reboet paran, dasar hajoe wimboeh rineng, -gèng boesana habra kahot, kadya moeksa jèn dinoeloe, o , babo, pantes dadya, babo, moestikaning, babo, nagari nga, -joegyakarta hadiningrat. O. =$=

= G o n g s a l a d r a n g =

Gè, riseksana woesing tata, sagoeng titijan djempana, o , myang titijaning pra poetri, gya boedal tengara hoemyang, o, babo, weeri djempana kya patih, sakontja boepati panèwoe mantri. O .

Gè, samya dèrèq marang poera, goeng hoepatjara nèng ngarsa, o, saqmarga djedjel wong anom, praptèng lodji marjem hormat, o , babo, kaping sapta djoemegoer lir, gelap sasba hangampar boemi lir belah. O .

Gè, kya patih sakantjanipoen, doepi prapta ing ngaloen aloen, o , samya medaq saking koeda, pangantèn midjil pameng-kang, o , babo, woes prapta ing Srimenganti, tandya sami toe-medaq kang para poetri. O .

Gè, djro poera woes ginelaran, laken habrit hasri tinon, o , règol doegi bangsal roekma, sinebaran sekar sekar, o , babo, sangdyah risang pangantyan, praptèng poera ingkang poetri ngiring. O .

Gè, sangdyah tindak roentoeng roentoeng, kinanti kang èjang djeng Katoe, o , tindak ririh hamantosi, toemoengkoel drijès-moe trenjoeh, o , babo, tan myat lijan wahoe sangdyah, soerja ngharap satengah nem wantjinira. O .

Gè, nglajoeng nglajoeng wimboeh loehoeng, senenging dyah hamrabani, o , kongas sadjroning kadatyan, kadjwalan rajoe-nging rawi, o , babo, samya hinggar kang toemingal, kawi-leng myat mring sangdyah sang pinengantyan. O .

Gè, djankroporet printah goepoeh, secretaris kinèn metoeq. o , marang sang pangantèn poetri, toewan Din glis loemaksana, o,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

babo, woes toendoeklan, Sang Pangantèn, nganti hasta sangdyah tindakira ladjoe.O .

tè, lon tedaq Srinara Nata, sing ngèmpèr panggih lan garwa,O, kang pra hèjang ngatag sangdyah kinèn hangabekti,O , babo marang Kangdjeng Sriboepati, tan lenggana Sang Retna gya ngoeswèng pada. O . =$=

= g o n g s a s o e w o e q =

= Ladjeng K e t a w a n g, boeka swara, gending S i t a m a r d a w a . =

= 2 =Riseksana Sri Narèndra, gya kinanti, marang minister Djeng Toewan, halon, tata lenggah moenggèng koersi, O .

.O .Moenggèng kanan sang Soedibya,O ,sangdyah kèring, Djankroporet marang, O,Kangdjeng, Sriboepati sebdanira, toewan Soeltan hambatoer prahardja.O .

.O. Koeloen saha palakrama, O,lan garwanta, sangdyah koesoemaning poera, O ,lawan, hinggala pepoetra kakoeng, O,kang kinahot, rèh dahat kaswarsa. O .

.O.Tanpa jajah moeng pandoeka,O ,ingkang dadya, lintoenira kang soedarma, O ,tandya, minister ngling mring sangretna , O ,sangdyah koela hatoer karahardjan. O .

.O .Lan kang saget hangladossi, O, mring Sangnata, hèstoe goeroedadinira, O,kangdjeng, hajwa pedot pakramanta,O ,woessing nebda pinernah kang lenggah.O .

.O.Hanèng tengah sang aradjèng,O ,ingkang kanan, garwèndra sang liring ratih, O,hingkang, kèring Nata djankroporet, O,djeng ratoe geng moenggèng kanan wijah. O .

. O .Djeng ratoe roekma njambeti, O ,djeng ratoe mas, sinamboengan ratoe sepoeh, O ,tandya, ratoe kilèn datan kantoen, O , pra hoepisir militèr toer tabè. O .

. O .Doeq Narèndra palakrama, O ,ligya joeswa, kawan, wlas warsa loemampah, O ,wahoe djantroporet matoer halon, O ,garwa Nata sinten kang wewangi. O.

. O .Sriboepati karsanira, O ,garwa Nata, ratoe kentjana mantesi, O ,dènè, kang hiboe sinoeng wewangi, O ,Ratoe Hiboe Minister roemodjong. O .

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

.O. Toewan Minister gya medal, o, marang bangsal, kalawan sabangsanira, o, sagoeng, hoendang marang wadya Nata, o, rèh garwèndra sinoengan djedjoeloeq. O.

Mitoehoe sagoeng soemiwi, o, karsaning djeng Srinata mangajoe bagya, o, para, amtenar noetoeg soekanja, o, bredonga moenja baroeng hangrangin. O.

.O. Kya Patih sakantjanira, o, pra Loepati, sinoeng boga wor nèng trètag, o, wradin, djantroporet sakontja, o, woesnja doegi gya midjil sing poera. O.

.O. Sagoeng kang wadya Narèndra, o, wangsoel marang, mring toegoeran sowang sowang, o, samya, manginggar troestaning drija, o, warna warna sahenggon gon kasoekan. O.

.O. Kotjap Sang Nata woes doeta, o, toer hoeninga, mring saladjeng soesoehoenan, o, sampoen, bab kramanira Sang dibya, o, warnanen djroning poera Kangdjeng Sang Nata, O.

.O. Handerana hing wardaja, o, gya pinondong, binekta mring djinemroem, o, Sangdyah, tan winarna ing asmara, o, tinon kadi mimi lan mintoena. O.

.O. Saqhari tan kena pisah, o, langkoeng soeka, pra hiboe kalawan bèjang, o, ratoe, hieboe dawoehken kya patih, o, rèh Narèndra woes roentoet lan garwa. O.

.O. Pra wadya soeka ing drija, o, gya dedawoeh, kinèn boebar kang toetoeran, o, sampoen, sami mantoek sowang sowang, o, tan bèda djro poera woes boeharan. O. =$=-----$-----=$=

----------oOoOoOo----------

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

= $ = Poenika pasindèn Ledaja gending = $ =

$ = L a m b a n g s a r i $ =

----------o$o----------

Namtoqaken doeroeng djati, babo, prapta manggih moengsoeh-ira, babo, hija kita paran rèhhè, lintang ikoe doedoe djalma, pan hèwoeh njekel bangsanja. O.

Pahè pada djalma hikoe, babo, pesti lamoen, bisa panggya, babo, lir soepena poetra mami, panggihira lawan lintang, djasat ranè doedoe koewè. O .

Datan wandè soen lan sira, babo, ingkang hanglakoni joeda, babo, pesti lamoen, lakon haprang, jèn djaja djoemeneng Nata, mangkoerat sagotrah djawat. O .

Jèn kasor pan dadi tawan, babo, Sènapati doeq mijarsa, babo, pitoetoerè ingkang oewa, halon matoer sènapatya, sakarsanè ngong lampahi. O .

Kalihè dados satoenggil, babo, ki djoeroe ngling jèn soewawi, babo, pajo tineda mring soekma, hoedjarè dalil linakon, kang hangèl ginampangena. O .

Kalakonna kang sinedya, babo, pajo linakon poetrèng soen, babo, ngong minggah mring mrapi harga, para marang ing samodra, lah neda sareng loemampah. O .

Sang kalih sowangan hagè, babo, Sènapati mandjing wana, babo, prapta hambyoer kali hopaq, nglangi batang gya kanetoeq, toenggoel woeloeng halorranja. O .

Loematoer nitiha gigir, babo, lonnahoeri sih pandoeka, babo, tan lenggana nitih hagè, kandeg sawangan, nglinggana, hanèng tepining samodra. O .

Kang haloen swara djoemegoer, babo, tanowah ing warnanira, babo, semadi sang Sènapati, hantara prahara prapta, lir kineboer kang samodra. O .

Mina geng alit kèh pedjah, babo, dahat goegoep sang djim radja, babo, pinarak gardjitèng nala, iki hapa haranira, ingkang dadi gara-gara. O .= $ =

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

= Dawah hawis-hawisan, D j a j è n g-a s m a r a =

Gja ngoelati woes koe, -panggya ratoe kidoel, marek ngarsa Nata kenja, ngenorken raga wot sinom. ○ .

Matoer getir kilang, hadoeh djalma tama, dika pinesti dadya dji, ing satoercen praptèng tedaq. ○ .

Moeng Sang bagoes jekti, sinijan Jwang Soekma, hangroewata ing roedita, karja risak mina sagoeng. ○ .

Hisining samodra, reksan ngong sadaja, paran ingkang dados galih, mosiq tyas djeng Sènapatya, ○ .

Sagoeng woes waloeja, Kangdjeng Sènapati, ngatoeran mring sang Djim radja, toemamèng djroning samodra, ○ .

Praptèng poeraning dyah, hèbat moelat balè, roegma ngoeni kang ribab, hingprang mring sang Gatoetkatja. ○ .

= Gongsa dawah, Ladrang gending P o e s p a k r e s n a =

Henggè, nahan genti wahoe hingkang, kawarnaha Praboe rara, ○, babo, lawan Kangdjeng Senapatya, woes pinaraq nèng djro peera, ○, babo, toehoe jèn hajoe lingewih, warnanè sang Praboe rara. ○ .

.○. Henggè, ngasorken isining swarga, sagoeng ingkang widadari, ○, babo, wignja warna kaping sapta, tjinatoer sadinanira, ○, babo, toer soedibya soera sekti, sahisining noesadjawa. ○ .

.○. Henggè, sagoeng ratoe djim lelemboet, sadaja pan, sand sowan, ○, babo, mring Ratoe kidoel semangkin, samisahos boeloebekti, ○, babo, Panembahan Sènapati, hatjengeng dènnja mangèksi. ○ .

.○. Henggè mring sang ratoening samodra, hamitjorèng djroning galih, ○, babo, jèn hajoe pinoendjoel, loewesè hapi presadja, ○, babo, solah bawa doedoet manah, sang retna tansah linaling. ○ .

.○. Henggè, toehoe goeroenè pinatoet, wong koening karja geng brangta, ○, babo, Panembahan Sènapati, datan pegat sabil nala, ○, babo, woes kagiwang djroning drija, lir kilat baroeng lan tatit. ○ .

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

.O.Henggè, tempoeh ingkang tjitra tjiri, mapan dàdè djinissira,o , babo, Ratoe kidoel moenggèng kanti, ri Sang Kangdjeng Sènapatya,o ,babo,kirang hoetama boedinja, soen bèkanè goesti mami.O .

.O.Henggè, hingkang pilenggah mataram, dimèn lali pradjanira,o , babo, Panembahan hangandika, Goesti jèn sardjoe ing galih,o ,babo, ingsoen arsa wrin tilamta, sang retna matoer soemongga. O .=$=

=$= Dawah K e t a w a n g, Sekar Soelandjari, =$=

= E o e k a s w a r a =

Glis nganti hasta,kangdjeng sang ratoe kidoel, ngatoeran mring Djinemharoem, praptèng tilam, dyah soeng woejoeng, Panembahan, hing tyas rempoe. O .

.O.haroem widjiling,o , sepda kadi soen mirah, soengkan mantoeq mring Mataram, o ,wit katjarjan, pradjanira, moeng tjatjatnja, datan krama.O .

.O .Hèstri poendjoeling,o ,warna, goesti pantesnja, kakoengè ingkang hoetama,o ,sajekti da,-tan koetjiwa, sang koesoema njendal liring.O .

. O.Malih ngandika,o ,kangdjeng, sang Senapatya, jaji ngong noewoen hoesada,o , brangtanè manah kawoela, tjanggèh mingset, Praboe Rara .O .

.O . Goepoeh sang bagoes,o ,njandaq, hastaning sang dyah, Sang retna tangkis tan polah. o , tan derana, Panembahan, Sang dyah haglis pinondong mring. O .

. O .Djroning tilam sang, o ,retna, sampoen kagiwang, pangngroengroemè Sènapatya, o ,tansah hanjoet, ing werdaja, sang dyah hajoe, pasrah djiwa. O .

.O.Tan winoertjita, o ,dènja handon hasmara, samya noetoeg kalihira,o , woesnja Praboe, rara matoer, saniskara, dènja prapta.O .

.O.Djeng Panembahan,o ,djarwa, titi niskara, sarta ingkang predjandjian,o , kekalih woes, hapan samya, prasetyèng tyas, ratoe kidoel.O .

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

.O.Matoer ring raka,o ,hamba, hamoeng saderma, hatas karsaning soekmana,o ,handika pi, nesti dadya, Narèndra meng, -koe rat djawa.O.

.O.hing trah toemerah,o ,kangdjeng, Sang Senapatya, mesem ngandika masmirah, o ,sakelangkoeng, panedèng wang, sira mimas, hangsoeng djarwa.O.

.O.Kadi poenika,o ,loewih, karsaning soekma, jaji soen darma loemakoe,o ,nimas lamoen, woes tjondong nging, karsa dika, lan poen kakang.O.

.O.Kanoewoen pamit,o ,jaji, soen lilanana, harsa mantoeq mring Mataram.o , Praboe Rara, matoer raka, mapan sarwi, dres kang waspa.O.

.O.hing goeng sang bagoes,o ,hamoeng pamita hamba, sampoen soeqè mring tjètinè,o ,jaji hadja walangdrija, nora soesah, sira djarwa.O.

.O.Sadoeroengira,o ,mirah, woes hingsoen drija, wahoe Kangdjeng Senapatya,o ,malih nebda, la kantoena, hing rahardja sangdyah matoer.O.

.O.Dateng soemongga,o ,koela, dèrèqken hardja, gya tindaq djroning samodra,o ,Praboe rara, hantoet woentat, tandya mesat, glis woes prapta.O.

.O.Kisiq samodra, o ,tandya, Sang Nata kenja, sampoen wangsul ~~kan~~ soeq mring djro poera, o,kawarnaha, Sènapatya, kang prapta ki,-siq samodra.O.

. O.hamawang mawang, o ,hanon, drija tan samar, doepi sampoen hawaspada, o ,marang ingkang, hapitekoer, tepining sa,-modra wahoe.O.

. O.Sang mahajekti, o ,lagya, pitekoer lenggah, Kyai djoeroe moedar hasta, o ,Senapatya, hing Ngalaga, gya toemamèng, ngarsèng oewa.O.

.O.Sang mahatapa,o ,sampoen, tanja mring poetra, wahoe kang brongta ing soekma,o ,tandya matoer, hawit tan prap, -tèng wekasan, katoer kadya.O.

.O.Doeq solahing nèng,o ,tasiq,wahoe kang hoewa, doeq mijarsa, toering poetra,o ,tyas langkoeng so,-koer mring soekma, Sang kekalih kondoer tandya.O.

$$$=$$$= ----------ooo----------=$$$=$$$

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

oOo----------o$o----------$oOo$

Poenika pasindèn Bedaja Sekar, Gending G o n d o k o e s o e-
m a, l a r a s B e m.

----------oOo----------

Gè, risedengnja, keng Sinoewoen, Sènapati, babo, hing ngalaga, doeq mangroerah, hing bangwètan, kang ngrebasèng, hing Madijoen, kita woesnja, dahoet hapan, nitih koeda, kang tinengran, poespa kentja,-na pamoeloe, rinasekar.

Gè, tjepaka tan,-tebih lawan, kang wa kyahi, babo, mondaraka, hangiring sang,-Senapatya, miwah wadya, pipilijan, katahhira, rongatoes mang-,goeng nèng koeda, jata wahoe, , woes hanjabrang, hagya tata, pra dipatya.

Gè, sri Agalaga, minta wadya Kondaraka, ,babo, bendè sigra, kyahi bitjaq, moenja ngangkang, ,wong Mentaram, hamijarsa, ladjoe soerak, ,lir karengèng ing ngawijat, wong bangwètan, , haningali, wong Mentaram, woes hanibrang.

Gè, gya tengara, mapag ing prang, noelja tjampoeh, ,babo, kang hajoeda, datan ana, kang kasoran. , langkoeng ramè, silih Loengkih, goemaroedoeg, ,kang sandjata, soewaraning, bedal hanglir, , gelap sasra, tamboeh moengsoeh, lawan rowang.

Gè, ɔ, Panenbalan, doeq toemingal, ingkang haprang, ɔ, babo, sampoen samya, koewoerira, wahoeta si, ɔ,-gra neradjang, kang pradjoerit, kalih hatoes, samya hanja,-meti koeda, hangiwa pan,-neradjangè, wong agoeng wè,-tan hoeninga.

Gè, ɔ ,kelamoen sang, Senapatya, mangsah hing prang, ɔ ,babo, gegamannja, woes binalik, hangerepken, Natèng Menta-,ram nging sami, prawiranja., wong agoeng wè,-tan sadaja, nenggih hingkang, hanèng ngarsa, mapan misih, haprang poenoeh.

o Barang-harangan Gending G a m b o e h o

o Tandangè wa,-dyèng Mentaroem, hamanengah, dènja ngamoek, lir singa ha,-mong daging, wong bangwètan, samya tadah, hanotjogi, gandjoer rantap, Sriboepati, kinaroebeet, ing ngakatah, datan katon.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Mondaraka,gya tetoeloeng, hanoetoeti nradjang poengkoer, namoeng temboeng, gegamanè, sinabetan, samya tatas, landèjan kèh, ingkang poegas, kasektènnja, Mondaraka, wong wètan han-, doeloe gawoq.

Miwah Kangdjeng, Sangapraboe, tanana bra,-dja toemandoek, toehoe jèn Ra,-toe kinahot, digdaja sa,-wadyanira, wong bangwetan, pepoejengan, Boegati mla,-joe sedaroem, salang toendjang, reboet henggon.

Ngoengsi nagri, lijanipoen, bekta rabi,lawan soenoe, gantya ingkang wirahos, Sri Narèndra, ing Mentaram, ginarebeg, ing prawadya, larsa ladjoe, mring Madijoen, manggoeng nèng koe,-da Sang Katong.

Mondaraka, nglingnja haroem, lah Sang Nata, koedanipoen, soen tingali pasemonnè, kadya koeda, woes pralèna, kapal hanoel,-ja palastra, Panembahan, ngandika roem, teka dahwèn, hoewakingong.o

oOo Ladrang gending R i j e m - r i j e m. oOo

p Gè, babo, jektinè koeda manira, hoewa hoegi mila sampoen pedjah, babo, pedjahira wahoe lingsir, kang srengèngè hoeripira, nalika ngadjengken hasar, babo, kyai Mondaraka modjar, satemenè hoedjaringwang, haran mati hoega pedjah.

Gè, babo, Sang Nata woes moendoet salin, koeda ran ki Eratajoeda, babo, hoelesira nilakonta, Sang Nata haris ngandika, marang wadya ing Mentaram, babo, lah ing Madijoen nagara, samya kinèn ngobongana, jèkoe wit dadining karja.

Gè, babo, jèn ana ingkang habongga, pinatèn myang djinarah, babo, lawan radja darbèniira, wadyèng Mentaram toemandang, hambojong naq rabènipoen, babo, hingkang bongga, rinampoengan, wong Madioen haningali, mring solahè wong Mentaram.

Gè, babo, nora kanjana hatinè, lamoen Madijoen rinoesak, babo, dènè sampoena hètja, pepidonnè doeq roemoehoen, temahè dadya mengkona, babo, sagoengè wong tjiliq samya, loemajoe ngoengsi mring kita, wenèh ngoengsi marang wana.

Gè, babo, wong Mentaram hoeroe kanya, nahan ingkang kawoewoesa, babo, djeng pangeran ing Madijoen, sampoen ing ngatoeran'wikan, ing sasaniskaranira, babo, solahira wong kan

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Mentaram, Panembahan kadya djola, langkoeng kanggeg galihira.

Gè, babo, geragap pamoewoesira, hapan ora njana ingwang, babo, lamoen mengkono karepnja, wong Mentaram soen haranni, martawisa haranira, babo, marta moeng lahir kèwala, ing batinè ikoe wisa, Panembahan gya ngandika,

Gè, babo, marang garwa lan pra poetra, pada sira perdandana, babo, kaki lontang karsaningwang, baqjoenira ni Djoeminah, soen tinggal nèng djroning poera, babo, pangran ngling mring sang dyah retna, lah nini sira karija,,sira kang rinebat ing prang.

Gè, babo, marang risang Senapatya, woes djamaqè bedah koeta, babo, bojong poetri djarah brana, kang kalah kena atmanja, woes karija hanaq ingwang, babo, toenggonana koetanira, dyah karoena melas arsa, haniba noeli kantaka.

Gè, babo, kang hiboe sareng hanangis, tan wignja ngampah tresnanja, babo, kalara lara tangissè, hadoeh njawa hanak ingwang, kadya paran sira rara, babo, tinilar mring ramanira, wong dalem nangis sedaroem, goemroeh wenèh gegeloengan.

o K e t a w a n g M i d j i l Medaringtyas. o

Djeng Pangèran hangeres kang galih, sebdanira halon, marang garwa lah dandana hagè, atmanira pasrahna hyangwidi, garwa teksih nangis, senggroeq-senggroeq goegoep.

Tandya linggar waboe sang Dipati, sing Madijoen lolos, tilar weling mring tjèti kang kinèn, tengga mring dyah kang konda goemoeling, lah ta keris hiki, hatoerna goestimoe.

hanaq-ingsoen mengko jèn woes nglilir, ing sapoengkoer ingngong, keris kyai goemarang aranè, gya kasesa lolosnja dipati, kang ngobong-lobongi, woes peraq delanggoeng.

Nahan gantya waboe kang winarni, Sang Djajèng-paloegon, langkoeng troesta sadjroning galijè, ladjoe loemèbèng sadjroning poeri, nging tanana kèksi, dalem poera soewoeng.

Tan adangoe sri narèndra hoening,marang sangdyah sinom, kènjoetingtyas pinerpekan hagè, tan warnanen waboe sang dyah dèwi, kang nèng dalem poeri, dyah djoeminah hajoe.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Koeninga ring ari Ngalaga prapti, mitjorèng djro batos,
lah bandjoera sira nora wandè, sira lèna sangdyah noelja
nariq, kestoelnja pinoesti, Sang Nata kinestoel.
Leres djadja kang keni sang hadji, mèseggya sang sinom,
ngasta tlempak tinradjangken hagè, mring sang Nata tadah
tan goeningsir, dyah mèrang ing galih, kang talempak poe-
toeng.
Minggah pasarèjan noeli narik, doewoeng sang lir sinom,
woes pinoesti dyah hajoe tjiptanè, Sang Nata jèn tan pa-
sah kris mami, satoehoe linoewih, tan pasah soen soedoeq.
Ari Ngalaga sareng Laningali, mitjorèng djro batos, jèn
peksanen jekti nora wandè, gawè ronda gya lenggah sang ha-
dji, nèng madyaning kori, ngasih hasih ngroengroem.
Sing tebihan sebda pait gendis, hadoeh mirah hingong, gih
poen patiq tadah doeka hanggèr, soen tan nedya hangroesak
negari, roesaqing saking wit, wong Madjoen tochoe.
Teka dadaq wadya ing Mentawis, ngrajah lawan ngobong, si-
siping wong manira tan akèn, hija hingsoen nimas kang nang-
goni, hoekoemen djinemmriq, sakarsa wong ajoe.
Dadya hangles mar lesoe sang dèwi, grègal doewoeng roentoh,
gya ing ngasta tjoeriga mring radjèng, sinaroengken dyah
sinanding linggih, sarwi hing rih-herih, linangon pangoeng-
roem.
Nata nebda krisira soen helih, ran goepita manggon, mirah
hasih maringsoen hawitè, sing tjoeriga woes lilih sang dè-
wi, tandrana sang hadji, pinondong dyah hajoe.
Gya binekta marang tilam sari, wahoe sang lir sinom, hanèng
djinem wangi pepanggilè, panjoekoer tadjem wadja kinardi,
jèn tan mijatani, jekti goeroningsoen.
Panjoekoeran toemandoek tan titis, ing ngaras sang sinom,
tonda sampoen tinekan karsanè, dyah djoeminah tan lengga-
nèng kapti, noet karsaning hadji, ing asmara tjampoeh.
Tan winarna solahè karesmin, woes hangoenggil raos, kalih
sami kelangkoeng hasihè, mong asmara nèng Madjoen lami,
poerna langen hadji, doeq bedah M a d j o e n.

----------$o0o$o0o$----------

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

$ o o o $ $oOoOoOo$ $ o o o $

O Poenika kagoengan dalem Pasindèn Ledaja si-GALOEH katjarijos Praboe Landjaransari, mengsah Praboe Rara Soepraba-Wati, jasan dalem ingkang Sinoewoen ingkang djoemeneng kaping p i t o e, Gending Toendjoeng-Anom, laras barang, boeka rebah, hawit sindèn kenong kaping 2, sapitoeroetipoen ladjeng kenong 1.

----------oOo----------

o Gè, woes samekta sagoenging ingkang gegaman, pra handel sadaja woes pepak ing ngarsa. O .

Koeneng sang Narèndra-kenja, woes boesana ngrasoek ingkang, gè, sadaja boesananira, sami paringing djawata hamakoeta. O.

Linoeka sri, panoenggoel koemala retna, tinon dahat, gè, hamantjorong, linoeting retna najaka, tinarètès, sineling hinten moetyara. O.

Djamang roegma soengsoen kalih, hasangsangan soengsoen katri, gè, gelang kana, pinatiq ing nawaretna, toemalèram, sesoemping hasri sinoelat. O.

Nora montra, jèn wanoedya, Praboe Rara, hamantjorong, gè, lir parta hamangoen brongta, sangdyah patih Danowati, lir kembar lawan sang Nata. O .

Woesing ngrasoeq boesana di, moeroeb padang ing kadatyan, gè, kasorotan, boesananira, Narèndra, datan dangoe, mijos marang siti bentar. O .

Ginarbeg kang, prawirèstri, pinaraq ing dampar retna, gè, handèr ingkang, para pradjoerit wanoedya, patih Danoe,-wati tjaket moenggèng ngarsa. O .

Warnanen kang, ngepoeng pradja, Sang Nata Landjaran sekar, gè, harsa mijos, hingkang joeda mepak ingkang, wadyabala, koripan woes pepaq handèr. O .

G o n g s a d a w a h.

Toemenggoeng pra hadipati, koripan woes noesoel kabèh, samekta gegamanira, pra najarja mantri pra pramèja. O .

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Belabar dinoeloe hasri, panoenggoel koemala moentjar, rijem - rijem lamoen tinon, linoeting retna najaka koeswa. ꦕ.

Nata woes, ngrasoek boesana, ing joeda datan koetjiwa, sadaja paringing dèwa, sarwa retna sesotya di kahot. ꦎ.

Kadja poetra tandya midjil, kinèn hanembang tengara, gong bèri hoemyang swaranè, pratjihna tetep mawantoe wantoe.

Kang wadya koeswala mangkat, lampahnja kagiri giri, koemritjiq rantè swandana, sampoen hajoen hajoenan djoerit. ꦎ.

hanantang prakata hoemoeng, kang soerak hambal hambalan, goemroebyoeg tjampoeh ing joeda, tjaroeq tamboeh moesoeh lawan rowang. ꦎ.

Tetindih wadya Koripan, banjak soepatra myang widè, tetindih wadya sing Galoch, Banoewati myang Asmarawati. ꦎ.

Woes samya ngawaki joeda, wadya Koripan kasoran, sang Nata Bandjaran Sari, doepi moelat kang wadya, kasoran.= ꦑ=$=

$=$ Gonsa dawah L a d r a n g $=$

.ꦑꦒè, gya parèntah kinèn moendoer kabèh, Kangdjeng Sriboepatya, gya madjeng ing rana, ꦎ, babo, sarwi nitih koeda, Srinarèndra mangsah mareneki, ꦎ, babo, mring para pradjoerit, prawirèstri, Srinarèndra doeq toemingal. ꦎ.

.ꦎ. gè, marang para, sènapati hèstri mèsem sarwi nebda, doeh pra mirah ingwang, ꦎ, babo, apa sira pangling, nah hing anggèr, mring poen kakang dènè, ꦎ, babo, doeroeng lami mirah, hawekasan kepanggih nèng ngriki. ꦎ.

.ꦎ.gè, sang retnajoe, soegal ingkang sebda, dènè nora djamaq, si boengker kang ngamè, ꦎ, babo, sasebdanè teka, mamboe hati, hanganggèr daleming, ,babo, pan hamoeng lèlèsse, teka ngango, di toetoeg-toetoeggè ikoe. ꦎ.

. .gè mengko mati, katiban djemparing, woeroeng dadi katong, hija hanèng galoeh, ꦎ, dyah ngembat warastra, tan toemama, dyah hasmarawati, ꦎ, babo, tandya njandaq lawoeng, goemendjlèng datan toemama. ꦎ.

.ꦎ.gè, sangdyah njandaq, kestoel njipat noeli, mimis kentjana byor, tibèng djadja kadi, ꦎ, babo, rinengga djadjanè, nariq pedang sangdyah, sarwi hangling, ꦎ, babo, hèh malesa

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

doengkah, hadja pidjer hangamè-hamè kèwala. ꦎ.

. ꦎ. Gè, sadjegingsoen, toemon wong adjoerit, tan ngono polahè, hamemanas hati, ꦎ , baho, mara gè malesa, lamoen njata, pradjoerit linoehoeng, ꦎ , baho, ngadoe tossing koelit, adja sira, pidjer dremimil kèwala. ꦎ.

Gongsa K o t a w a n g gending

L a n g e n g i t a.

Loeka swara.

$ = $ Sang Srimanoehara, sebdanira, mara jaji, toetoegna sakarsanira, soen tan ginggang soemarah ing ngadilaga.

$ꦎꦎ. Gè, datan saronta sangdyah mrawasa, ꦎ , nora titis, sangretna ngentèq boedinja, ꦎ , Praboe Kara, parèntah bantoe ing joeda. ꦎ .

$.ꦎꦎ. Gè, para, handel prawira wanoedya, ꦎ , samya kinèn ngajoni Praboe taroena, , madjeng rampak, soemagoeh ing ngadilaga. ꦎ.

$.ꦎꦎ Gè, tandya, kinroeboet bandjaran sekar, ꦎ , datan kèwran, nelasken kadibyanira, ꦎ , nora bangkat, kang para nadjaka kenja. ꦎ.

$.ꦎꦎ Gè samya, palarasan hoendoerrira , ꦎ , praptèng ngarsa, ngatoerken tiwasing joeda, ꦎ , sarta wewah, kawirangan ing rananggа. ꦎ .

$.ꦎꦎ. Gè, kenèng, sandjata dedali samya, ꦎ , dahat risak, woedar sagoeng kang boesana, ꦎ , Praboe rara, doeq myarsa langkoeng koerdanja. ꦎ.

$.ꦎꦎ Gè, noelja, dedawoeh moendoet swandana, ꦎ , woes mangarsa, kang haran widjaja tjapa, ꦎ , saking dèwa, sangdyah bahoet nèng toerongga, ꦎ .

$.ꦎꦎ. Gè, para, prawira garebeg woentat, ꦎ , pepilijan, ingkang wadya saseliran, ꦎ , sarta sami, kinèn prajitna ing joeda. ꦎ.

$.ꦎꦎ Gè, dènè, Sang Nata mijossi joeda, ꦎ , Sri Bandjaransari wahoe doeq toemingal, ꦎ , mring sang kangdjeng, Narèndra Sri Praboe Kara. ꦎ.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

$.ꦔꦺꦴ.ꦒꦺ, sigra, hametoeqken ing rananggа, ꦎ, hasisirig, ngentragken toerangganira, ꦎ, jèn sinawang, Sri Kenja lan Praboe Djaka.ꦔ.

$.ꦎꦺꦴ.ꦒꦺ, kadi, kembar bagoes ingkang warna, ꦎ, sroe bremantya, Sri Kenja njandaq poesaka, ꦎ, ingkang aran, limpoeng widipta kahot.ꦔ.

$.ꦎꦍ.ꦒꦺ, hèstoe, paringing djawata moelja, ꦎ, pilih hingkang, koewawa nadahi sara, ꦎ, Praboe Rara, hangembat sarwi manebda.ꦔ.

$.ꦎꦎ.ꦒꦺ, lamoen, sira wong prija prajongga, ꦎ, tadahana, lah iki pepanggil ingwang, ꦎ, Sri Bandjaransari halon ingkang sebda.ꦔ.

$.ꦎꦎ.ꦒꦺ, nimas, ratoe mara dawoehena, ꦎ, kang dedoeka, mring dasih ingkang kaswarsa. ꦎ, gya pinentang, goepoeh sri Sindoela prapta.ꦔ.

$.ꦎꦎ.ꦒꦺ, tandya, pitoetoer mring wajah karo, ꦎ, tan rinenggа, ing poerwa wekasanira, ꦎ, sampoen sanih, tjinatoer woes dadi garwa.ꦔ.

$.ꦎꦎ.ꦒꦺ, Praboe, Rara lan Bandjaransekar, ꦎ, marma mangkè, Sang Nata ngalih nagara, ꦎ, nèng si-Galoeh, sawadya langkoeng rahardja.ꦔ.$ =$ $ = $ 0 $ = $ $=$

----------$o0o$----------ooo----------

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

$ = 0 = $ Poenika pasindènipoen kagoengan
dalem Eedaja Loentit. $ = 0 = $

-----o-----

$=$ Doeh koesoema, kang mongka pandojèng doerna, babo, lah papagen, kang tirtamaja di swarga, babo, mengko mirah, soen djarwa djatèstri prija, babo.

Goerda pingoel patjangkramaning ngastina, babo, kongsi roesak, gonira mrih, sastra tjeta, babo, hèman lamoen, Goesti tan wrin hangganira, babo, tirtamaja, hasrama dwidja ngastina, babo.

Soeka iila matija djroning asmara, babo kadal gonggo, bengawane wong pawenang, babo, baja sira pantes soen laboebi djiwa, babo, sang lir retna, mangoen wijoganing drija babo.

Rangoe rangoe hamirangrong maringringan, babo, doeh Pangèran, ningsoen ing ngèndrabawana, babo, kawining ro, swara gora, mideringrat, babo, laloe mèrang, jèn sirantoeq dwidja wara, babo.

Karoena sroe waspa dres lantaran grana, babo, laloe mongsa, woh tiris kang panantesan, babo, jèn kasèppa, baja dasijè palastra, babo, narpa poetra, toemoentoer honenging drija, babo.

Hajan koentjoeng swara padaning poedjongga, babo, wong mraqhati hajwa goeng tyas sangsaja, babo, jènta loepa karja goraning bawana, babo, djangkrik goenoeng galepoeng, pilis wedana, babo.

Hyang soelèndra tedaq manglipoer sangretna, babo, birattena, wong ajoe soengkawanira, babo, lah tolèhen prawiranè danar dana, babo, hoepamanè, darcenaning sètoebonda, babo,

M i n g g a h.

Krodaningsoen sapa kelar nanggoelanga, babo, krodaningsoen sapa kelar nanggoelanga, babo, marma mirah, hajwa kadoeroes soengkawa, babo, mènda wana, galoegoe kang sekar majang, babo.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Merandangi, pepatjangè wong pesadja, babo, merandangi, pepatjangè wong pesadja, babo, baja doeroeng, pesti karsaning djawata, babo, siti rengka, badak kinembar padjangan, babo. Woes sinamboet roekmini linèla lèla, babo, woes sinamboet roekmini linèla lèla, babo, sinrenggara, wohingrat lan madoeretna, babo, djagadmajang soedarma dyah, soekoesalya, babo. Lir kantaka, sang retna sa,-rè ngembanan, babo, lir kantaka, sang retna sa,-rè ngembanan, babo, lir soedama, kataweng ngi,-ma wetara, babo, joejoe roentoeng, dèwa goelèndra bawana, babo.

Mider-mider, djroning goepi,-ta mondrawa, babo, mider-mider, djroning goepi-,ta mondrawa, babo, poespalaja, hoedaja ki,-nembar roepa, babo, pepatahè, kang hanawoeng, noengsadjawa, babo, pepatahè.

L a d r a n g.

Dè, hadan kroda, dè, hadan kroda, kèsawa lir, hyang birawa, babo, pamit marang, retnèng ngrat hamoerwèng laga, babo. Dè, gro toemindak, dè, gro toemindak, kapileng kang hamijarsa, babo, dwidjawara, geter sagotra soeh sirna, babo. Dè, sang asmara, dè, sang asmara, woes poerna ing krodanira, babo, mèngsem mèngsem, wangsoel hangimoer sang retna, babo. Dè, panoe biroe, dè, panoe biroe, madyaning tjala, djoewita, babo, wong pesadja, pantes soen tohana djiwa, babo, Dè, woes-palaja, dè, woes-palaja, pakartining dwidjawara, babo, poepoedjankoe, kang asih wong soedrapapa, babo. Dè, pantes sira, dè, pantes sira, lèlèdanè, karja rimang babo, mèndahanè, sida kagarwèng djwawara, babo. Dè, dyan liniling, dè, dyan liniling, wedana, winawang wawang, babo, toehoe goesti, woes sirna rentjakanira, babo.

K e t a w a n g.

Dè, katawanging, pandam wadana moernama, doeh wong agoeng, kadi lintang, sropraba lan, diwangkara.

Dè, koekoes gantoeng. wadja sino,-tya mrih lata, doeh wong agoeng, goeng winawang, wang wang sine,-sep latinja.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Dè, kagyat ngilir, kang sawang pratima retna, doeh wong agoeng, hamlas-arsa, sang retna ma,-toer ring raka.

Dè, weloet wana, djawata di ing doeksina, doeh wong agoeng, hoedoenena, kawoelarsa, hanembrama.

Dè, goedè rambat, gonda toemraping salira, doeh wong agoeng, kamangkara, wong asedep, toemindaq-a.

Dè, sotya rekta, peksi kresna, hamong doesta, doeh wong agoeng, mirah hingsoen, toehoenen se,-tya kawoela.

Dè, Natadèwa, Nalèndra Kantilidirdja, doeh wong agoeng, wisèsanen, djanaloka, ngèndraloka.

Dè, tjipta harda, menjawak kang tamèng raga, doeh wong agoeng, soen teteda, toeloesa dji,-natoekrama.

Dè, wohing damèn, kawining rah panoelata, doeh wong agoeng, wong parigel, pantes toh ta,-ker loedira.

Dè, hoeler kisma, narpadasarata poetra, doeh wong agoeng, hora larang, tjemara toe,-geling moerda.

Dè, koetèq boekoeng, kebon goeng kang sinarodja, doeh wong agoeng, hèman hèman pinijarang dwidjawara.

$ = o = $- S O E W O E Q -$ = o = $

Dè, srenggala goeng, wikoe radja saptarongga, doeh wong agoeng, ngoepaja-a, sadjagat mongsa hantoeka.

